

**KABUTUHAN RASA AMAN PARAGA UTAMA**  
**SAJRONE CERBUNG SRENGENGE TENGANGE**  
**ANGGITANE SUHINDRIYO: TINTINGAN PSIKOLOGI HUMANISTIK ABRAHAM MASLOW**

**Edi Susanto**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Univeritas Negeri Surabaya  
[esusanto@yahoo.com](mailto:esusanto@yahoo.com)

**Abstrak**

Cerbung *Srengenge Tengange* anggitane Narko Budiman nyeritakake ngenani lakon paraga utama yaiku Anisa. Anisa kang nandhang utang piutange bojone. Anggone ngupaya pepenginane kanggo nyaur utang lan maremake kabutuhan sajrone uripe kasebut, mula nuwuhake saperangan kang wigati sajrone dhiri pribadhine paraga utama.

Adhedhasar lelandhesane panliten kasebut, underane panliten iki yaiku: 1) kepriye gegambarane kabutuhan rasa aman paraga, 2) kepriye problem saka kabutuhan rasa aman paraga utama, lan 3) kepriye upayane nyukupi kabutuhan rasa aman paraga utama. Underane panliten ing antarane yaiku 1) ngandharake gegambarane kabutuhan rasa aman paraga utama, 2) ngandharake problem saka kabutuhan rasa aman paraga utama, lan 3) ngandharake upayane nyukupi kabutuhan rasa aman paraga utama. Saka sakabehe punjere panliten iki, cerbung *Srengenge Tengange* dianalisis nggunakake tintingan psikologi humanistik teorine Abraham Maslow.

Jinis panliten iki kalebu panliten deskriptif kualitatif. Sumber dhata yaiku arupa teks cerbung *Srengenge Tengange* anggitane Narko Budiman, dene dhata ing panliten iki yaiku tetembungan kang tinulis, ukara lan wacana kang ngandhut motif psikologis tumrap paraga utama. Teknik ngumpulake dhata sajrone panliten yaiku kanthi studhi pustaka, sitem tandha, lan cathetan. Tata cara nganalisis dhata kaperang dadi: 1) tahap panjlentrehan dhata, 2) dhata diklasifikake miturut undera panliten, 3) interpretasi yaiku panliten nggunakake analisis isi, ngenani isi crita. Paedahe panliten iki yaiku tumrap pamaca bisa nambah kawruh. Dene tumrap piwulangan sastra, mligine marang mahasiswa kaajab bisa migunani kanggo panliten sabanjure.

Salaras karo underane panliten, asile panliten kaperang dadi telu yaiku kapisan ngenani gegambarane kabutuhan rasa aman paraga utama sajrone cerbung *Srengenge Tengange* yaiku 1) kabutuhan rasa aman saka utang, 2) kabutuhan rasa aman saka tagihan bank, lan 3) kabutuhan rasa aman saka tagihan koprasi. Problem kang tuwuh saka kabutuhan rasa aman diperang dadi pitu yaiku 1) rasa wedi, 2) rasa kuwatir, 3) rasa trauma, 4) pikiran mbruwet, 5) sarwa salah, 6) rikuh, 7) ati judheg. Problem kang onjo sajrone cerbung *Srengenge Tengange* yaiku problem rasa wedi. Pungkasan upaya mungkasi problem saka kabutuhan rasa aman 1) gelem nampa pamawase liyan, 2) nyilih dhuwit lan 3) dadi penyanyi.

Tembung wigati : Psikologi humanistik, Kabutuhan rasa aman.

**PURWAKA**

**Landhesan Panliten**

Karya sastra mujudake sawijine riptan asil kreatifitase manungsa, kang diandharake kanthi nggunakake basa kang endah. Umume karya sastra awujud tulisan lan dicetak banjur diarani sastra tulis, dene sastra kang ora ditulis lan dicetak diarani sastra lisan. Bab kasebut cundhuk karo andharane Wellek lan Werren (1995: 3-4 ) karya imajinatif kang luwih wiyar tegese, dene dibandingake karo karya non-fiksi. Pambeda kang utama antarane karya fiksi lan karya non-fiksi yaiku dumunung ana ing sipate. Karya non fiksi nduweni sipat *aktual* dene fiksi asipat *realis*. Asipat aktual ateges

samubarang kang bener-bener dumadi ing kanyatan, dene sipat *realis* mujudake samubarang kang bisa ana ing kanyatan, ananging durung tamtu kalaksanan ing kanyatan.

Nurgiyantoro (2000: 4) ngandharake menawa riptan sastra sengaja diripta dening pangripta, kang gegayutan karo kanyatan. Ing kene nuduhake yen karya sastra minangka proses pamikiran, proses kreatif pangripta lan nduweni pangaribawa tumrap pamaos.

Maneka warna perkara-perkara sajrone karya sastra tuwuh lan asring diadhepi marang manungsa sajrone uripe, lan nduweni sesambungan karo manungsa siji lan manuungsa liyane kang ora bisa pinisah. Saliyane iku sastra uga bisa dadi kaca pangilon kang ana ing

sajrone pauripane manungsa kayata ngemot sikap, solah bawa, kaweruh, pananggap, pangrasa, *imajinasi*, sarta *spekulasi* ngenani manungsa iku dhewe. Sesambungan karo bab iku cundhuk klawan andharane Wellek lan Werren (1995: 119) kang ngandharake menawa sastra kuwi kacabenggala lan wujud ekspresi panguripane manungsa. bisa dingerteni dene karya sastra ora dipangaribawani dening panguripan, nanging malah bisa dadi kacabenggala. Pangripta nulis karya sastra uga kajupuk saka prastawa-prastawa kang dumadi ing masyarakat.

Psikologi miturut Atkinson sajrone Minderop (2010:3) yaiku ilmu ngenani kajiwan utawa bisa uga diarani ilmu kang ngandharake ngenani kapribaden lan solah bawa manungsa sawutuhe. Psikologi lan sastra nduweni pepadhan ing babagan padha-padha nyinaoni ngenani manungsa. Psikologi sastra yaiku pangetrapane ilmu-ilmu kajiwan sajrone karya sastra. Pangetrapane psikologi sajrone karya sastra bisa awujud psikologise pangripta nalika ngripta karya sastra, psikologise paraga sajrone karya sastra, lan daya pangaribawane sastra tumrap psikologise pamaca. Kahanan psikologise paraga sajrone karya sastra mujudake tintingan sing paling trep kanggo ngetrapake ukum-ukum psikologi kanthi tujuwan nguripake pamaragane para paraga.

Cerbung kanthi irah-irahan *Srengenge Tengange* anggitane Narko Sodrun Budiman kapacak ing *Jayabaya* taun 2015. Cerbung iki nyritakake lelakone Anisa, minangka ibu rumah tangga kang ngopeni anak lan bojone. Digambarake nalikane Purnomo isih ing pakunjaran, Anisa tansah wedi ing omah dhewe jalaran saben dina mesthi diparani wong loro kang nagih utang marang bojone. Saliyane iku sawise Purnomo metu saka pakunjaran dheweke ora ngurusi anak lan bojone mala minggat karo wong wadon liya lan ora tanggung jawab karo utange. Sahingga Anisa kang tanggung jawabe ngupaya kanggo nyaur utange bojone. Pungkasane Anisa gelem nrima tawarane Yulia yaiku dadi penyanyi supaya bisa nyaur utange bojone saliyane iku uga kapengin nyukupi kabutuhan awake dheweke lan anake, lan uga kapengin urip mandhiri saka asil nyanyine kuwi.

Andharan crita cerbung *Srengenge Tengange* kasebut ngandhut kang njalari kabutuhan rasa aman paraga utama kaganggu, kepriye carane paraga utama iku ngupaya sabisa-bisane carane bisa nyaur utang bojone lan bisa maremake kabutuhan sajrone bale wesmane. Kekarepane kang kaya mangkono minangka wujud kabutuhan rasa aman saka perkara-perkara mau. Kabutuhan rasa aman bisa dicukupi kanthi cara upaya-upaya kang kudu ditindakake dening paraga utama, supaya ora nuwuhake problem tumrap paraga utamane,

Saliyane iku supaya amrih gampang anggone nindakake panliten mula digunakake psikologi

kapribaden sajrone cerbung kang nduweni irah-irahan *Srengenge Tengange*. Panliten iki nggunakake modhel tintingan psikologi humanistik Abraham Maslow kang ngrembug ngenani pawongan kang nduweni motivasi kanggo nyukupi kabutuhan kaya kang ditandang dening paraga sajrone cerbung kang bakal ditliti. Tintingan kasebut ngrembug ngenani limang kabutuhan yaiku kabutuhan fisiologi, kabutuhan rasa aman, kabutuhan rasa tresna lan rasa nduweni, kabutuhan ajining dhiri lan kabutuhan aktualisasi dhiri. Mligine ngenani kabutuhan rasa aman, dene kabuutproblem kapribaduhan rasa aman durung bisa dicukupi bakal nuwuhake problem psikologis tumrap pparaga utama sajrone cerbung iki.

Adhedhasar andharan ing dhuwur kasebut, mula panliten bakal ngonceki cerbung *Srengenge Tengange* kanthi luwih njlimet ngenani kapribaden paraga utama kang nandang kabutuhan-kabutuhan sajrone bale somahe. Saliyane iku kang dadi unjo ing cerbung iki yaiku paraga utama kang nyukupi kabutuhan rasa aman saka utang. Aspek kajiwan sajrone cerbung iki kang arupa kabutuhan-kabutuhan kan disandhang dening paraga utama sahingga nuwuhake tumindak tartamtu, mula kanggo ngerteni kepriye wujud rasa kabutuhan saka rasa aman lan kepriye kanggo tumindake mungkasi perkara sajrone cerbung *Srengenge Tengange* iki nggunakake kapribaden, mligine teori psikologi humanistik Abraham Maslow. Teori iki nengenake bab kapribadene manungsa kang wujud ngenani kabutuhan rasa aman, kanthi kaya mangkono irah-irahan panliten iki yaiku *Kabutuhan Rasa Aman Paraga Utama Sajrone Cerbung Srengenge Tengange Anggitane Narko Budiman: Tintingan Psikologi Humanistik Abraham Maslow*.

### **1.1 Underan Panliten**

Adhedhasar landhesan panliten kang wis diandharake ing dhuwur, kang dadi punjere panliten yaiku:

1. Kepriye gegambarane kabutuhan rasa aman paraga utama sajrone cerbung "*Srengenge Tengange*"?
2. Kepriye problem saka kabutuhan rasa aman paraga utama sajrone cerbung "*Srengenge Tengange*"?
3. Kepriye upayane nyukupi kabutuhan rasa aman paraga utama sajrone cerbung "*Srengenge Tengange*"?

### **1.2 Tujuwan Panliten**

Adhedhasar underane panliten ing dhuwur bisa dirumusake ancane panliten sajrone cerbung *Srengenge Tengange* anggitane Narko "Sodron" Budiman, kaya ing ngisor iki:

1. Ngandharake gambarane kabutuhan rasa aman paraga utama sajrone cerbung "*Srengenge Tengange*".

2. Ngandharake problem kabutuhan rasa aman paraga utama sajrone cerbung “*Srengenge Tengange*”
3. Ngandharake upayane nyukupi kabutuhan rasa aman paraga utama sajrone cerbung “*Srengenge Tengange*”

### 1.3 Paedah Panliten

Asile panliten iki dikarepake bisa menahi paedah marang pamaca, dene paedahe kang asipat teoritis utawa praktis, paeda kasebut kaya dene ing ngisor iki, yaiku:

- 1) Tumrap Sastra Modern
  - a) Bisa kanggo ngrembakakake ilmu-ilmu pendhidhikan basa lan sastra Jawa, mligine karya sastra modern kang ngandhut psikologi kepribaden.
  - b) Bisa menahi sumbangsih tumrap ilmu sastra Jawa modern lan dikarepake supaya saya akeh kajian-kajian kang ngenani karya sastra Jawa modern ngenani ilmu psikologi sastra mligine bab psikologi humanistik.
- 2) Tumrap Piwulangan
  - a) Tumrap piwulangan sastra mligine mahasiswa bisa kanggo bahan tetimbangan nindakake panliten kang nggunakake teori psikologi Abraham Maslow.
  - b) Dikarepake supaya bisa menahi wawasan ngenani perkara-perkara ing sajrone urip ing bebrayan lan sarta mungkasi perkara-perkara ing jagade bebrayan.
  - c) Panliten iki uga bisa ditegesi minangka sawijine upaya kang nyata supaya cerbung ora mung dadi wacan panglipur wae, nanging crita sajrone uga bisa didadekake kanggo nglakoni urip ing bebrayan kang nyata.
  - d) Panliten iki bisa kanggo nambah wawasan ngenani kajian-kajian sastra sacara mligi sajrone masalah sastra lan minangka bahan kajian tumrap masalah owahe solah bawa manungsa kang njalari oleh pangaribawa saka manungsa liyane.
  - e) Tumrap pamaca, paliten iki bisa ngundhakake kawruh bab ngenani sastra, mligine bab psikologi humanistik.

### 1.4 Watesan Tetembungan

Watesan tetembungan ing kene nduweni tujuan, supaya ora nuwuhake pangerten kang beda, prelu andharan luwih cetha kang digunakake ing panliten iki. Wewatesan kang digawe kajupuk saka panemune para ahli, nanging saperangan dijupuk kang dianggep

luwih trep kanggo panliten lan nduweni tujuan supaya ana pambada tanggapan sajrone skripsi. Mula perlu anane wewatesan tetembungan ing antarane yaiku:

- a. Psikologi Sastra  
Psikologi sastra yaiku kajian sastra kang mawas karya minangka aktivitas kajiwan. (Endraswara, 2011: 96)
- b. Psikologi Humanistik  
Psikologi humanistik nggambarake manungsa minangka titah kang mardika lan nduweni martabat sarta tansah nduweni daya upaya kanggo medharake kabeh potensi kang dadi darbeke (Koeswara, 1991: 109).
- c. Teori Kapribaden Abraham Maslow  
Teori kapribaden kang ngandharake yen ta manungsa nduweni lima tataran kabutuhan antarane: (1) kabutuhan fisiologis, (2) kabutuhan marang rasa aman, (3) kabutuhan rasa tresna lan rasa nduweni, (4) kabutuhan marang harga dhiri, lan (5) kabutuhan kanggo aktualisasi dhiri. Maslow ngandharake (sajrone Feist, 2011: 332-335).

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### 2.1 Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten sastra kanthi perspektif psikologi sastra wis kerep ditindakake. Sadurunge panliten iki kaleksanan ana panliten kang saemper kang wis ditindakake dening :Dwi Mariani (2009), Mahasiswa Jurusan Pendhidhikan Bahasa lan Sastra Indonesia, Fakultas Bahasa lan Seni Universitas Negeri Surabaya nulis skripsi kanthi irah-irahan (*Bentuk Perilaku Tokoh Wardah dalam Novel Derap-Derap Tasbih Karya Hadi S. Khuli*). Kaping Pindho Skripsine Ahmad Dwi Ulinuha (2010), Mahasiswa Jurusan Pendhidhikan Bahasa lan Sastra Indonesia, Fakultas Bahasa lan Seni Universitas Negeri Surabaya. *Penokohan Jarot sajrone Novel Hibbu karya Mashuri (Kajian Humanistik Mslow)*. Kaping telu skripsine Khusnul Khotimah (2012), Mahasiswa Jurusan Pendhidhikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa lan Seni Universitas Negeri Surabaya nulis skripsi kanthi irah-irahan (*Motif Psikologis Paraga Utama Priya Sajroning Cerbung Rajapati Ing Pereng Wilis*”).

### 2.2 Sastra lan Psikologi

Pangripta mawas sajrone panguripane manungsa, kedadeyan-kedadeyan kang ditindakake dening manungsa lan uga solah bawane manungsa kang beda-beda uga ngandhut kajiwan, jalaran kaya dene sastra minangka asil riptane pangrita kang kanthi cara sadhar utawa tanpa sadhar iku nggunakake psikologi.

Psikologi yaiku ilmu kawruh ngenani solah bawa lan panguripan psikis utawa kajiwan manungsa. Solah bawa utawa tumindak kang nduweni pangerten isih jembar, yaiku ora mung kagiyatan motoris wae kayata ngomong, mlayu, ngeleng, ngrungakake, pengeling-eling, fantasi ngenalake maneh nampilake ngenani emosi-emosi



sajrone kang wujud nanging utawa esem lan sapanunggalane (Fananie, 2001: 181). Psikologi ngandharake ngenani kagiyatan-kagiyatan kanggo nintingi, pangrasa, *intelegasi*, kehendhake, motif-motif lan sateruse.

### 2.3 Psikologi Sastra

Psikologi sastra tuwuh minangka sawijine jinis karya sastra kang digunakake kanggo maca lan nafsirake karya sastra, pangripta karya sastra lan pamacane kanthi nggunakake maneka warna konsep lan rangka teori kang ana sajrone psikologi (Wiyatmi, 2011: 1). Daya tarik psikologi sastra yaiku ana ing problem manungsa kang nggambarake potret jiwa. Ora mung jiwa wae kang tuwuh ana sajrone sastra, nanging uga bisa dadi sesulih ing jawa manungsa liyane (Minderop, 2010: 59).

Endraswara (2011: 96) ngandharake psikologi sastra yaiku kajian sastra kang mawas karya minangka aktivitas kajiwan. Sastra lan psikologi nduweni sesambungan kang rinaket, pangripta nggunakake cipta, rasa lan karsa sajrone ngripta karyane. Kaya dene pamaca, sajrone nanggapi karya ora bisa uwal saka aktivitas kajiwane dhewe-dhewe.

### 2.4 Teori Kapribaden Humanistik Abraham Maslow

Teori kapribaden Maslow kagolong saka asumsi-asumsi dhasar ngenani motivasi, ing antarane: (1) Maslow nggunakake pamarekan holistik tumrap motivasi, yaiku sakabehe manungsa iku minangka bageyan kang bakal antuk motivasi. (2) Motivasi biyasane asipat kompleks, ateges tumindake manungsa iku bisa tuwuh saka motif-motif kang maneka warna. (3) asumsi kang kaping telu yaiku manungsa bisa tuwuh motivasine kanthi ajeg dening sawijine kabutuhan utawa kabutuhan kang liyane, ateges yen durung bisa kalaksanan kabutuhan dhasar. Manungsa banjur bakal terus ngupaya kepriye amrihe bisa kalaksanan. (4) sabanjure, sakabehe manungsa ana ngendi wae iku tuwuh motivasine adhedhasar kabutuhan dhasar kang padha. (5) sakabehe kabutuhan dhasar kasebut banjur disusun dadi sawijine wujud hirarki (Feist, 2011: 245)

#### 2.4.1 Teori Kebutuhan Bertingkat

Maslow (sajrone Alwisol, 2011: 201-203) nyusun teori motivasi ngenani manungsa, ing kene motivasi variasi kabutuhan manungsa dideleng lan kasusun sajrone wujud hirarki utawa tingkatan-tingkatan. Saben tingkatan-tingkatan kabutuhan wis bisa dimaremake, nanging tingkatan-tingkatan sadurunge kudu wis ditindakake. Tingkatan-tingkatan motivasi kang asipat kaiket, tegese: kabutuhan ing tingkatan kang luwih ngisor kudu wis bisa dimaremake sadurunge manungsa iku sadhar utawa dimotivasi marang kabutuhan ing tingkatan-tingkatan kang luwih dhuwur.

##### 1) Kabutuhan *Fisiologis*

Kabutuhan paling dhasar kang ana ing saben manungsa yaiku kabutuhan *fisiologis*. Kang kalebu ing sajrone yaiku panganan, banyu, hawa, njaga hawane awak, lan liya-liyane. Kabutuhan fisiologis yaiku kabutuhan kang nduweni kakuwatan utawa

oleh pangaribawa kang gedhe banget saka sakabehe kabutuhan. Kabutuhan fisiologis beda karo kabutuhan-kabutuhan liyane saora-orane kalebu rong perangan kang wigati. Kang kapisan kabutuhan *fisiologis* yaiku siji-sijine kabutuhan kang bisa dicukupi utawa kang wis mesthi kacukupan. Karakter kang beda nomer loro saka kabutuhan *fisiologis* yaiku kasaguhan supaya bisa tuwuh maneh.

##### 2) Kabutuhan Rasa Aman

Nalikane manungsa wis kacukupan ing kabutuhan *fisiologis*, banjur manungsa nduweni motivasi marang kabutuhan rasa aman, kang kacakup sajrone yaiku rasa amane badan, tansah ajeg, tansah nduweni rasa nagih, ngindhungi, lan bebas saka kaweden kang bisa ngancem, kayata, perang, teorisme, nandang lara, rasa wedi, rasa cemas, bebaya, nggawe rusuh lan musibah. Kabutuhan ukum, katentreman, bisa ajeg uga minangka saperangan saka kabutuhan rasa aman.

##### 3) Kabutuhan Rasa Tresna lan Rasa Nduweni

Sawise manungsa-manungsa wis nyukupi kabutuhan *fisiologis* lan rasa aman, manungsa nduweni motivasi marang kabutuhan rasa tresna lan kaanan, kaya dene kapenginan kanggo kekancan; kapenginan kanggo nduweni pasangan lan anak; kabutuhan kanggo dadi bageyan saka kaluwarga, arupa kumpulan-kumpulan, lingkungan masyarakat, utawa Negara. Tresna lan kaanan uga wis kacakup saperangan aspek saka seksualitas lan sesambungan marang manungsa liyane lan kabutuhan kanggo menahi lan kanggo mikolehi tresna.

##### 4) Kabutuhan marang Harga Dhiri

Manungsa-manungsa sawise nyukupi kabutuhan rasa tresna lan kaanan, banjur manungsa bebas kanggo nggayuh kabutuhan rasa panghargayan, kang kacakup rasa urmat dhiri, kapercayan dhiri, kamampuan, lan kaweruh kang manungsa liyane ngregani kanthi dhuwur. Maslow (1970) ngandharake ana loro tingkatan kabutuhan rasa panghargayan reputasi lan ajining dhiri.

Reputasi yaiku anggepan rasa gengsi, jalaran wis kondhang kang dinduweni dening sawijine wong lan dideleng saka pamawase wong liyane. Sawetara iku ajining dhiri yaiku rasa pribadhi sawijine wong dene awake dhewe nduweni nilai utawa migunani lan percaya marang awake dhewe.

##### 5) Kabutuhan *Aktualisasi* Dhiri

Kabutuhan ing tingkatan ngisor wis dicukupi, manungsa kanthi cara tanpa ana pameksa saka wong liya lan ngancik ing tingkatan sabanjure. Ananging, sawise kabutuhan rasa panghargayan wis kasembadan, manungsa ora mesthi tumuju ing tingkatan aktualisasi dhiri. Kawiwitane, cundhuk karo andharane Maslow (1950) ing antarane kabutuhan rasa aktualisasi dhiri bisa tuwuh bilih kabutuhan rasa kaanan iku wis kasembadan.

## 2.5 Landhesan Analisis

Teori kang wis diandharake ing dhuwur bakal dijupuk saperan kanggo dhasar nggarap panliten iki. Kang sepisan ngenani psikologi sastra, yaiku kajian sastra kang mawas karya sastra minangka aktivitas kajiwan Endraswara (2011: 96).

Ngandharake yen Maslow (sajrone Feist, 2011: 332-335) tingkatan kabutuhan-kabutuhan dhasar manungsa kang digambarake fisiologis utawa biologis, kabutuhan sasa aman, kabutuhan rasa tresna lan rasa nduweni-dinduweni, kabutuhan ajine awak lan kabutuhan aktualisasi dhiri.

## METODHE PANLITEN

### 3.1 Ancangan Panliten

Panliten kanthi irah-irahan “Kabutuhan Rasa Aman Paraga Utama Sajrone sajrone Cerbung *Srengenge Tengange* Anggitane Narko Sodron Budiman” kalebu panliten kualitatif. Panliten iki minangka proses kang ditindakake kanthi siji baka siji, yaiku ancangan panliten, sumber dhata lan dhata panliten, instrument dhata, teknik ngumpulake dhata, teknik analisis dhata, teknik nulis asile panliten. Kanggo nganalisis dhata ing sajrone panliten dibutuhake ancangan panliten supaya panliten kang ditindakake bisa tumata lan apik.

Panulisan asile panliten iki ditindakake kanthi cara deskriptif utawa njlentrehake gegambaran subjek panliten. Amrih panliten bisa kalaksana kanthi runtut, banjur kudu dipilih kanthi slaras klawan variable panliten. Sajrone panliten iki nggunakake panliten dheskriptif kualitatif. Metode kualitatif ngasilake dhata deskriptif, dene arupa tetembungan kang diandharake kanthi tinulis utawa lesan saka wong-wong lan salah bawa kang dijingglengi (Moleong, 2001: 6).

### 3.2 Sumber Dhata

Panliten kang arep ditindakake kudu ngerti saka ngendi asale dhata lan dhata iku dhewe, banjur apa wae kang bakal digunakake sajrone panliten iki bakal dijlentrehake kaya ing ngisor iki:

#### 3.2.1 Sumber Dhata

Sumber dhata kang digunakake ing sajrone panliten iki yaiku sumber dhata utama lan sumber dhata panyengkuyung. Kaya dene kang diandharake dening Moleong (2009: 157) sumber dhata sajrone panliten cacah ana loro yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekundher. Sumber dhata primer yaiku sumber dhata kang langsung menahi dhata tumrap panliten, dene sumber dhata sekundher yaiku sumber kang ora langsung menahi dhata marang panliti.

#### 3.2.2 Dhata

Dhata panliten ing kene yaiku arupa tetembungan, ukara lan kutipan utawa teks kang tinulis lan nuduhake ana sesambungan karo panliten ngandhut motif psikologi tumrap paraga utama wanita sajrone cerbung *Srengenge Tengange* anggitane Narko Budiman kanthi nggunakake teori tingkatan kabutuhan humanistik Abraham Maslow. Ratna (2004: 47) ngandharake ing

sajrone panliten sastra dhata formale iku awujud tembung, ukara, uga wacanan. Ing panliten iki nggunakake dhata kang arupa tetembungan lan ukara kang isih gayut karo unsur struktur sajrone cerbung *Srengenge Tengange* anggitane Narko Budiman.

### 3.3 Instrumen Panliten

Instrumen dhata kang digunakake sajone panliten sastra iku ditindakake dening panliti. Panliti nduweni pagaribawa kang wigati sajrone nindakake panliten kasebut, jalaran panliti minangka kang nggolek sumber dhata, nganalisis dhata, ngandharake dhata, nglompokake dhata, nulis asile panliten lan menahi dudutan sajrone panlitene. Sajrone panliten kualitatif, kang dadi instrumen utawa piranti panliten yaiku panliti iku dhewe (Sugiyono, 2013: 59). Panliti minangka instrumen kang nemotokake dhata kanthi disengkuyung dening instrumen panyengkuyung liyane kaya dene potlot, polpen, buku lan kartu kanggo nulis dhata kang wis diwaca lan kang dibutuhake.

### 3.4 Tata Cara Nglumpukake Dhata

Kanggo ngonceki kabutuhan neurotik sajrone novel, pangumpulane dhata nggunakake teknik dokumentasi utawa studi pustaka. Metode *dokumentasi* utawa studi pustaka dienggo nglumpukake dhata-dhata arupa buku-buku, cathetan-cathetan kang ana gayutane karo panliten, yaiku saka novel *Kinanti*. Studi pustaka ditindakake kanthi cara nyinaoni sumber utawa buku sing dilandhesi pikiran panliti dhewe kanggo ndheskripsekake dhata-dhata objek panliten (Sukardi, 2003:78).

### 3.5 Tata Cara Nganalisis Dhata

Ratna (2004: 339-340), ngandharake analisis kang ditindakake kanthi cara nintingi parkara-prakara kang kinandhut sajrone reriptan sastra. Kanthi nggunakake teknik kasebut minangka salah sawijine cara kanggo ngonceki tetembungan kang ana ing sajrone objek kanga trep dikaji sajrone panliten yaiku cerbung *Srengenge Tengange* anggitane Narko Budiman.

Tata cara nganalisis dhata kang arep diandharake ing sajrone analisis dhata yaiku kaya dene ing ngisor iki:

- 1) Nindakake panjlentrehan dhata saka asile dhata kang diklumpukake.
- 2) Dhata kang wis nglumpuk diklasifikake miturut underane panliten.
- 3) Menahi gambaran marang dhata kanthi cara njlentrehake teks kang asipat naratif, banjur dijlentrehake miturut perangan psikologi mligine ngenani motif sajrone cerbung *Srengenge Tengange* kanthi nggunakake teori Abraham Maslow.
- 4) Dhata dijlentrehake adhedhasar digayutake karo underan panliten, yaiku gegambarane kapribaden paraga utama.
- 5) Intrerpretasi asile analisis luwih cetha kanthi cara maca hermeneotik kanggo ngandharake lan ndudut adhedhasar underan panliten lan ancas panliten.



## **ANDHARAN ASILE PANLITEN**

### **4.1 Gegambaran Kabutuhan Rasa Aman Paraga Utama sajrone Cerbung Srengenge Tengange anggitane Narko Budiman**

Cerbung *Srengenge Tengange* minangka sawijine riptan karya sastra kang dianggit dening Narko Sodrun Budiman, karya kang diripta umume ngenani urip lan panguripane manungsa. paraga utama ing cerbung iki yaiku Anisa. Mligine ing kene nyritakake paraga utama yaiku Anisa kang nduweni gegambaran kabutuhan rasa aman. Gegambarane kabutuhan rasa aman antarane yaiku kabutuhan rasa aman saka utang, lan kabutuhan rasa aman saka tagihan bank lan kabutuhan rasa aman saka tagihan koprasa. Andharan jangkepe kaya ing ngisor iki:

#### **4.1.1 Kabutuhan Rasa Aman Saka Utang**

Manungsa urip ing ndonya tansah ngadhepi perkara-perkara sajrone uripe, kayata nduweni utang kang durung bisa nyaur nganti ditagih karo depkoletor. Pawongan kang tugase kanggo nagih utang-utange wong kang nunggak karo tanggal kang wis disepakati sadurunge, dene ana pawongan kang nandang utang mesthi bakal ngadhepi pawongan kang nduweni pawakan gedhe lan praenan serem. Tumindake depkoletor marang pawongan kang ditagih utange nanging durung bisa mbayar utawa ora bisa mbayar sakabehe utang-utange pungkasane mesthi gampang mara tangan, jalaran tugase mung nagih utang yen dibayar bale antuk sabetan, sadhukan utawa luwih-luwih disiksa supaya gelem mbayar utange.

Kebutuhan rasa aman saka depkoletor asring dialami dening Anisa saben manggon ana sajrone omahe, wiwitane nalikane bojone Purnomo nduweni utang ing bank lan koperasi. Utange mau durung bisa disaur dening Purnomo jalaran dheweke mlebu ing pakunjaran, sahingga ora ana liya kejaba Anisa kang manggon ing omah dhewe karo anake Faza tansah diparani dening depkoletor. Saben tekane depkoletor mesthi nggawa pratandah kang ora enak sajrone atine Anisa, jalaran tujuwane menyang omahe Purnomo iku ora liya yaiku arep nagih utang kang cacah ora sethithik. Cuplikane kaya ing ngisor iki:

Wong-wong jaketan kulit ireng kae rancake dha nagih utang tinggalane Pur, Maune Anisa ora ngerti blas yen bojone kuwi utange ora sethithik. Puluhan yuta.

.....

Pur dhewe ora tau crita apa-apa. Mula saben wektu ana dhayoh, ijen apa wong loro mlebu pakarangan omahe atine Anisa ora kepenak. (Budiman, JB: 29, 2015:1)

Cuplikan ing ndhuwur nggambarake yen Anisa wayah saben dina tansah ditekani pawongan saperlu arep nagih utang-utange Purnomo, jalaran Purnomo ora manggon ing omah banjur dhayoh-dhayoh iku njaluke marang Anisa. Tekane dhayoh-dhayoh kang pacakane nganggo jaket kulit ireng iku padha arep nagih utang dening Purnomo. Wiwitane Anisa ora ngerti tekane dhayoh-dhayoh mara menyang omahe kang nduweni praenan medeni kuwi padha arep nagih utang, jalaran

Anisa dhewe ora nate nduwe utang marang pawongan liya. Sawise pawongan kang nagih utang iku mau kandha yen utange bojone iku akeh banget. Pancen ora salahe Anisa yen dhewe ora ngerti babar pisan bab utang-piutange kang disandhang dening bojone Purnomo, jalaran Anisa uga ora nate dicritani utawa diajak rembugan ngenani utange Purnomo. Saiki mesthine utange bojone Purnomo iku cacah ora sithik, cacah nganti puluhan yuta.

Tumekane pawongan kang nagih utang iku njalari tuwuhe rasa aman sajrone atine, jalaran tekane dhayoh-dhayoh iku mau mesthi nggawa perkara kang bisa ngancem keslamatane dhiri pribadhine uga anake Faza. Anisa tansah ora kepenak dene manggon ing omah dhewe tanpa ana Purnomo ing pinggire, saben dina tansah ngrasa ora aman yen ditekani dhayoh-dhayoh kang nagih utange Purnomo. Utange Purnomo kang cacah ora sithik mau lan uga katambah durung disaur senjata mung sethithik, njalari kebutuhan rasa amane Anisa tansah ora tenang yen katekan dhayoh-dhayoh tukang nagih utang, anisa mbutuhake rasa aman kanggo mungkasi perkara utang kang disandhang dening Purnomo.

#### **4.1.1.1 Kabutuhan Rasa Aman saka Utang Bank**

Manungsa kang nduweni utang marang bank kudu nduweni smpenan kang bisa dinggo kanggo jaminan kayata sertifikat tanah, omah, swaha lsp. Dene saumpamane sawayah-wayah utange kang disilih iku ora bisa mbalikake maneh kanthi dhuwit kang disilih, mula surat jaminan sertifikat iku bisa dinggo nyaur utang. Nanging nalika arep utang bank ora nduweni surat jaminan kanggo mbayar utang aja nganti nyilih dhuwit marang bank, jalaran mengko yen ora bisa nyaur utang marang bank pungkasane bakal nandang perkara gedhe kang isih ana sambung rakete karo bank mau.

Tagihan utang kang saben dina mara menyang oamah kang nduweni utang ndadekake pawongan iku ngrasa kaganggu. Kanggone pawongan kang nandang utang marang bank lumrahe ngrumangsa isin yen durung bisa nyaur utange, senjata kang nduweni utang iku bojone ananging tetep mesthi ngrasa melu nanging lan rumangsa kudu bisa nyaur. Dene arep nyaur utang ora bisa-bisa nyaur bisa ndadekake tansah kepikiran marang utang-utang kasebut. Saben dina atine tansah ora kepenak yen durung bisa nyaur sakabehe utange senjata dheweke wis diwenehi wektu kanggo nglumpukake dhuwit supaya bisa nyaur utang-utange. Sasuwene wis diwenehi wektu atine tansah ora kepenak kabeh bingung anggane mikir lan golek cara kanggo mungkasi perkara kasebut.

Gegambaran sajrone cerbung *Srengenge Tengange* ngenani kabutuhan rasa aman saka tagihan utang bank kang kudu ditanggung dening Anisa dhewe, jalaran bojone kang aran Purnomo kang nduweni utang marang bank lan koprasa kang durung bisa disaur kanthi seprene. Cuplikane kaya ing ngisor iki:

Kajaba utang neng koprasa simpan pinjam pranyata Pur uga utang menyang bank. Anisa meruhi slip lan akad piutang kuwi nalika resik-resik garasi. Ana kertas tagihan utang kang dibuntel tas kresek putih tumumpang neng dhumpal dhuwur kaleng tap-tapan oli kang

isine nagih utang marang Purnomo. (Budiman, JB: 29, 2015:8)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake Purnomo nduweni utang kang akeh banget. Utang saka koprasi kang isih durung bisa disaur utawa dicicil kanggo nyaur utangE, saliyane nduwe utang ing koprasi Purnomo uga nduweni utang ing bank. Kabeh iku mau durung dingerteni dening Anisa minangka bojo kang manggon saomah tunggal sakamar nyatane Anisa ora ngerti bab Purnomo nduweni utang kang akeh banget. Nalikane iku Anisa ora sengaja resik-resik omah mligine ing panggonan bagasi mobil, Anisa nemokake kertas kuwitansi kang isine ngenani utang-piutange Purnomo marang bank. Kertas kang diwadhahi kresek iku mau tumumpang neng dhuwure kaleng wis kang rupane wis kacampur karo oli, kira-kira kertas iku mau wis nate diwaca dening Purnomo sahingga kertas mau dibuwang ing bagasi. Anisa dhewe mung maca kertas iku saklebatan tanpa sadurunge takon marang Purnomo ngenani kertas iku mau

#### **4.1.1.2 Kabutuhan Rasa Aman Saka Utang Koprasi**

Koprasi minangka salah sawijine organisasi kang ngimpun para aggotane saben pawongan oleh saka pedhagang, petani lan pengusaha. Umume koprasi dikendhalikake marang sakabehe aggotane, dene saben anggotanduweni hak kanggo mutusake samubarang tartamtu. Saliyane iku koprasi uga panggonan nyimpen lan nyilih dhuwit kanthi syarat lan ketentuan kang wis disepakati bareng-bareng. Padha karo bank yen ana anggotane nyilih dhuwit kudu bisa mbalikake dhuwit kang wis dilisih sadurunge, dene yen oar bisa mbalikake dhuwit mau bakal ditagih.

Gambaran ngenani kabutuhan rasa aman saka tagihan utang kuwi disandhang dening Purnomo. Utang kang disandhang iku nganti puluhan lan nganti las-lasan yuta cacache. Cuplikane kaya ing ngisor iki:

Perkara utange Purnomo sing jare las-lasan yuta marang kancane sing nduwe koperasi simpan pinjam nagih utang marang Purnomo. ...tumindak nduwe nyicil utang tumekani kanggo nglunasi utange Purnomo, supaya ora ditagih maneh karo koprasi (Budiman, JB: 29, 2015:1)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake saliyane nduweni utang marang bank uga isih nduwe utang marang koprasi simpan pinjam. Perkara utang-utange bojone kang aran Purnomo banjur Anisa ngrasa kabutuhan rasa aman durung bisa dicukupi, jalaran kudu mikir bab utange bojone supaya bisa nyaur sakabehe utange. Koprasi kang mbiyene Purnomo uga melu dadi aggotane iku nagih marang urang-utange bojone, jalaran utang durung bisa disaur kang cacache akeh banget nganti las-lasan yuta. Ndadekake kabutuhan rasa aman kangganggu marang tagihan saka koprasi simpan pinjam.

Pancen wis lumrah dene Anisa kapengin utang-utange bojone mau pengen enggal-enggal dilunasi supaya ora ditagih utang saka koprasi. Dheweke tansah mikirake kanggo metu saka perkara-perkara kang disandhang saiki, pikiran dadi mbuwet merga mikir bab sakabehe utang-utange Purnomo. Perkara-perkara mau kudu dirampungake supaya kabutuhan rasa aman saka utang

bisa rampung lan bisa mikirake bab liyane kanthi entheng.

#### **4.1.2 Kabutuhan Rasa Aman Saka Sumelang**

Rasa sumelang bisa ndadekake atine manungsa dadi kemrungung jalaran nandang perkara kang durung bisa dipungkasi. Rasa sumelang dinduweni manungsa nalika pikirane tansah mikirake samubarang tartamtu kang nuwuhake rasa wedi amerga nggagas anane kacilakan.

Saben manungsa mesthi ora kepengin nduweni rasa sumelang sajrone uripe, lan salah minangka salah sawijine rasa kang tansah diadohi dening sabne pawongan. Ing ndonya iki ora an pawongan kang kepengin nduweni rasa sumelang terus-terusan lan ora dikarepake tekane amerga bisa ndadekake saben pawongan kang nandang rasa sumelang tansah ora jenjem ing ati lan pikirane. Kamangka saben pawongan iku kepengin uripe adoh saka rasa sumelang lan bisa ngrasakake urip tentrem.

Gambaran ngenani kabutuhan rasa aman uga dicritakake ing cerbung *Srengenge Tengange Anggitane Narko Budiman*. Kabutuhan rasa aman saka rasa sumelang disandhang dening paraga Anisa. Ing ngisor iki bakal diandharake ngenani kabutuhan rasa aman saka sumelang kang disandhang dening Anisa. Anisa tansah sumelang marang kahanane Miko kang durung mnehi warta blas, dheweke tansah ora ayem tash nuwuhake rasa sumelang tumrap dhiri pribadine. Dheweke tansah kepikiran karo kahanane Miko. Tansah kuwatir lang wedi yen Miko kena apa-apa. Anisa kang gampang sumelang marang kahanane Miko, mula dheweke mbutuhake rasa aman saka rsa sumelang. Gegambarane kaya ing ngisor iki:

“Ana apa ya?” bola-bali Anisa takon ngono kuwi. Pitakonan sing metu saka lambe lan batine. Sawise ngrugku warta bab alane Miko ngladeni pelanggane. Pitakonan kang kebak was, panarka, kuwatir selaras karo ati wadone. Pangrasa kang njurung thukule was-sumelang. Ati kang nyawiji datan bisa diselaki lamun salah sijine nandhang papa-citraka. (Budiman, JB: 46, 2015:18)

Gegambaran ing ndhuwur minangka bukti ngenani kabutuhan rasa amane Anisa saka rasa sumelange marang kahanane Miko. Anisa pancen isih nduweni rasa tresna marang Miko, dheweke tansah sumelang yen Miko amerga keprungu omongan saka pelanggane bab alane Miko anggone ngadeni pelanggane. Jalaran kang diweruhi skaa Anisa dhewe anggone ngladeni pelanggane biyane apik-apik waeora nuwuhake perkara kaya magkono, mula ndadekake rasa was sumelang saka dhiri pribadine Anisa. Pancen wis dhasare Anisa kang tansah nduweni rasa sumelang.

#### **4.1 Problem Kabutuhan Rasa Aman Paraga Utama sajrone Cerbung *Srengenge Tengange Anggitane Narko Budiman***



Problem kang disandhang dening manungsa tuwuh jalaran durung anane kacukupan kabutuhan rasa aman. Problem-problem kang tuwuh bakale ndadekake paraga utama kasiksa ing jiwa lan ragane, jalaran kabutuhan rasa amane durung bisa dicukupi. Cerbung Srengenge Tengange nuwuhake problem kag disandhang dening Anisa yaiku rasa wedi, rasa kuwatir, rasa trauma, pikiran mbruwet, sarwa salah, rikuh, ati judheg. Gegambaran problem kabutuhan rasa aman paraga utama sajrone cerbung bakal diandharake ing ngisor iki:

#### **4.2.1 Rasa Wedi**

Manungsa nduweni maneka warna rasa pangrasa sajrone atine, pangrasa iku bisa tuwuh jalaran kahanan psikis kang asipat subjektif kang ana sesambungane karo gegambarane pawongan kang ngalami kasebut banjur ditindakake lumatar solah bawa. Saliyane iku rasa-pangrasa bisa digambarake minangka sawijine kahanan kajiwan kang dialami dening pawongan kang nandang prastawa. Salah sawijine rasa pangrasa kang dinduweni pawongan yaiku rasa wedi. Rasa wdi minangka rasa-pangrasa kang njalari pawongan iku nyingkrih utawa ngedohi saka prastawa kang ora dipenginake. Rasa wedi bisa tuwuh jalaran pawongan iku wis ngalami kedadeyan-kedadeyan kang nyata kaya dene ndeleng, ngrungu lan ngrasakake.

Novel *Srengenge Tengange* kang nggambarake paraga utama yaiku Anisa nduweni ras trauma. Saben dina Anisa mesthi diparani pawongan tukang tagih kang nduweni pawakan gedhe dhuwur lan praenane sangar. Tekane pawongan nagih utang iku mau njalari rasa trauma sajrone atine Anisa. Saliyane iku Anisa uga ora ngerti karo utang-utange bojone lanang, jalaran Pur uga ora tau crita perkara utang piutang sasuwene iki. Mula yen ana dhayoh-dhayoh mara nang omahe isih ana rasa trauma, jalaran dhayoh-dhayoh iku gampang mara tangan dene ora disaur utange utawa ora menahi dhuwit. Saliyane iku mental marang sapa wae lan tembung kang digunakake kanggo ngomong uga kasar. Iku mau kabeh kabukti ana ing ngisor iki:

Pur dhewe ora tau crita apa-apa. Mula saben wektu ana dhayoh, ijen apa wong loro mlebu pakarangan omahe atine Anisa ora kapenak. Wedi dipulasara, wedi dirudapeksa, uga wegah ngrungu tembung dhayoh-dhayoh sing ajeg ora kepenak dirungu. Akeh sing atos lan kasar. Jane ya lumrah wong nagih ora diwenahi. Terus dha 8 amba 8, tembung sengol lan prejengane sangar. (Budiman, JB: 29, 2015:1)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Anisa nduweni rasa wedi sajrone atine, nalika wong-wong kang saben dina nekani omahe yaiku saperlu mung nagih utang. Nagih utange ora marang Anisa nanging marang bojone yaiku Pur kang nduweni utang cacache ora sethithik. Anisa dhewe ora ngerti bab utang piutange bojone, jalaran Pur dhewe ora tau crita bab utang marang Anisa malahan Pur uga mlebu pakunjaran merga utange. Mula yen saben ana dhayoh kang mara ing omah Anisa isih trauma, jalaran saka praupane lan pacakane wae wis medeni uga katambah tetembungan kasar kang ora kepenak dirungu lan sawayah-wayah bisa wae mara tangan.

Rasa wedine paraga Anisa yen saben dina ditekani karo dhayoh-dhayoh kang nagih utang. Rasa wedine ora bisa didhelikake dening Anisa, jalaran dheweke ndeleng dhewe yen para wong nagih utang mau mara ing omahe. Ndadekake kahanan kajiwane Anisa kaganggu lumantar wis nate ngalami prastawa kang njalari tuwuhe rasa wedi. Sajrone awake pawongan kang tuwuh rasa wedi amerga nduweni pangeling-eling rasa trauma ing mbiyen-mbiyene kaya dene dipulasara, diseksa sahingga nuwuhake tatu ing batine. Mula pawongan kang wis nate ngalami rasa trauma iku biasane angel banget diilangake, amerga rasa-pangrasa kasebut asring tuwuh kanthi ora sadhar. Sahingga kanggo ngilangake rasa trauma ing pikiran lan rasa-pangrasa saben pawongan, dibutuhake wektu kang dawa lan nganti ora bisa dipesthekake. Anisa mbutuhakae rasa aman saka utang kang njalari rasa wedine tuwuh, saka pawongan kang nagih utang saben dina njalari rasa wedi banget.

Kanggone pawongan wadon kang urip ijen tanpa ana bojo lanang ing omah mesthi nduweni rasa wedi sajrone atine, jalaran yen ana bojo lanang sajrone omah mesthi wong wadon bakal ngrasa ana kang bisa nglindhungi dheweke saumpamane yen ana ancaman saka sanjabane omah. Amerga pawongan lanang iku minangka pelindhung wong wadon sajrone bale wesma, saliyané wong lanang unggul ing okole tinimbang wong wadon.

#### **4.2.2 Rasa Kuwatir**

Rasa kuwatir minangka salah sawijine saperangan saka rasa-pangrasa kang asring tuwuh sajrone panguripane manungsa. Sejatine rasa kuwatir salah sawijine wujud respon dhiri tumrap kahanan kang sawayah-wayah bisa njalari tuwuhe bebaya. Nanging rasa kuwatir uga bisa tuwuh jalaran saka aktivitas psikologi utawa mental. Rasa kuwatir bisa tuwuh jalaran pangrasa kang kaganggu karo pikiran ala kang digawe dening dhiri pribadhi dhewe, kang durung tamtu dumadi ing dhiri pribadhi utawa pawongan kang ana ing sakupenge kita.

Cerbung *Srengenge Tengange* kang nggambarake paraga Anisa kang nduweni rasa kuwatir marang kaluwargane uga karo pawongan liya. Rasa kuwatire Anis tumrap anake Faza kang gedhe banget, jalaran Ainisa ora kapengin anak ontang-antinge yen weruh bapake ana ing pakunjaran lan nyoto sahingga nduweni kapribaden kang ora becik kaggo pangrembakane ing dina mbesuke. Saliyane iku Anisa uga nduweni rasa kawatir marang pawongan liya yaiku nalika Miko kang ngilang tanpa ana pamit lan nganti Miko disenengi kancane Yulia.

Cuplikan kang kapisan nggambarake yen Anisa nduweni rasa kuwatir marang anak ontang-antinge yaiku Faza, jalaran Anisa kang saben minggu kudu sambaing bojone ing pakunjaran saperlu kepengin ngerti kahanane bojone. AnggonE mara menyang pakunjaran dheweke ora dheweke nanging uga nggawa anak ontang-antine, kang njalari tuwuh rasa kuwatir marang kapribadene anake sajrone atine, Anisa ora kapengin kapribaden anake iku kaganggu sawise mlebu pakujaran lan ngerti kahanane pakunjaran. Gegambaran iku bisa kacuplik ing ngisor iki:



Durung maneh mikiri Faza, kepriye mungguh kapribadene anak meruhi bapake ana njero pakunjaran krana kasus narkotika kuwi urip bareng narapidana liyane. (Budiman, JB: 29, 2015:1)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Anisa tansah nduweni rasa kuwatir marang anake, amerga kudu nggawa Faza mlebu ana ing pakunjaran saperlu mbesuk bojone jalaran kena kasusu narkotika. Jejere anak yen diajak menyang pakunjaran lan ngerti kahanane kaya mangkono ing kebak pawongan-pawongan kang ala rupane uga kepribadhene, mesthi tuwuh rasa pengin ngerti yen anak lagi ngerti sepisanan kahanane pakunjaran iku. Mula Anisa kuwatir saben ngajak anake Faza lan ngrasa ora aman yen anak cilik mlebu ing pakunjaran, jalaran dikuwatirake sawise metu saka pakunjaran anake tansah nakokake bapake kang manggon ing kono.

#### **4.2.3 Rasa Trauma**

Novel *Srengenge Tengange* kang nggambarake paraga utama yaiku Anisa nduweni ras trauma. Saben dina Anisa mesthi diparani pawongan tukang tagih kang nduweni pawakan gedhe dhuwur lan praenane sangar. Tekane pawongan nagih utang iku mau njalari rasa trauma sajrone atine Anisa saya gedhe jalaran ana bab kang njalari rasa traumane ora bisa ilang nalikane ketemu dhayoh-dhayoh. Saliyane iku Anisa uga ora ngerti karo utang-utange bojone lanang, jalaran Pur uga ora tau crita perkara utang piutang sasuwene iki. Mula yen ana dhayoh-dhayoh mara nang omahe isih ana rasa trauma, jalaran dhayoh-dhayoh iku gampang mara tangan dene ora disaur utange utawa ora menahi dhuwit. Kabukti ing cuplikan ngisor iki:

Anisa ora jenjem atine. Isih trauma karo dhayoh-dhayoh sing nekani omahe sasuwene Pur ing mbuwen. (Budiman, JB: 29, 2015:1)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Anisa isih ngrasa trauma yen katekan dhayoh-dhayoh kang tekane iku tansah nggawa panalangsa dening Anisa. Jalaran saben dhayoh-dhayoh teka ing omahe Anisa saperlu nagih utange bojone lanang, yen ora diwenahi dhuwit mesthi dhayoh iku mau nyiksa Anisa kanggo mbayar utang-utange bojone. Mula yen ana dhayoh-dhayoh mara ing omahe tansah trauma karo tumindake. Kedadeyan iku dialami dening Anisa nalikane bojone Purnomo manggon ana ing pakunjaran, jalaran mlebu iku amerga diuber-uber utang-utange kang durung bisa dibayar sahingga dheweke dilebokake ing pakunjaran. Saka kedadeyan kang ditandang dening Anisa iku pancen ora patut ditampa kanthi ati kang ekhlas. Jalaran dene ana pawongan wadon kang nandang perkara kaya mangkono mesthine atine bakal keranta-ranta ngempet rasa lara.

Saben dina Anisa tansah ngrasa ora aman dene yen ana pawongan utawa dhayoh-dhayoh kang mara ing omahe. Rasa amane kaganggu dening pawongan kang nagih utang, saliyané iku Anisa uga manggon ana ing omah dhewe sahingga ngundhakake rasa amane san saya dhuwur. Amerge sajrone omah kang kudune bisa dadi lelungan saka bebaya iku ora ana yaiku bojone Purnomo.

#### **4.2.4 Pikiran Mbruwet**

Manungsa kang nandang pikiran lagi mbruwet umume disebabake karo kedadeyan utawa perkara-perkara kang disandhang dening dhiri pribadhiné. Salah sawijine disebabake saka durung kacukupane kabutuhan rasa aman saka utang kang durung bisa disaur. Pawongan kang nduweni pikiran mbruwet mesthine atine tansah ora tenang.

Pikiran mbruwet tansah digawa menyang donyane pawongan kang nandang utang, dheweke tansah mikirake dalan supaya bisa metu saka perkara kasebut nganti ndadekake pikiran iku kagawa ana ing ngendi lank rasa abot banget. Bingung anggane nggolek cara kanggo mungkasi kanggo nyaur sakabehe utang-utange lan njalari pawongan iku asring nglamun dhewe, kanthi lelamunan kang kaya mangkono kanggo mikirake perkara kang abot. Abot merga akeh perkara kang dipikirake nganti pikiran dadi mbruwet.

Cerbung *Srengenge Tengange* kang mligine dilakoni dening paraga utama yaiku Anisa nandang pikiran mbruwet lan asring ngenam pikire. Sebab kang njalari Anisa ngenam pikire merga ana perkara-perkara kang diadhepi sajrone uripe mligine ing bab utang-piutange bojone Purnomo. Cuplikane kaya ing ngisor iki:

Sejatine dheweke kepengin ora mikir bab-bab sing magepokan karo utang ngono kuwi. Nanging, yen ngelingi sing nduwe utang kuwi bojone, apa iya bisa ngeculake masalah kuwi kanthi pawadan ora melu cawe-cawe? Wong ayu kuwi ngenam pikire. (Budiman, JB: 29, 2015:1)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake Anisa nandang perkara bab rasa aman kang durung bisa dicukupi, amerga kabutuhan rasa amane kaganggu lumantar ana pawongan tukang nagih utang saben dina mara menyang mahe saperlu nagih utang marang Anisa. Bab utang kang durung bisa disaur dening Anisa njalari dheweke saben dina tansah kepikiran ngenani perkara utang piutang. Sejatine sajrone atine Anisa dhewe ora kapengin mikirake kang magepokan karo utang piutang, ananging yen ngelingi kang nduweni utang iku bojone Purnomo, banjur Anisa ora tega yen kudu nguculake utang-piutang iku tanpa ana alasan kang cetha sahingga ora prelu melu-melu bab utang piutang kang disangga dening Purnomo. Wong wadon kang ayu banget iku tansah mikirake bab perkara utang piutang kang pengin mungkasi supaya ora ana prekara kang kudu disandhang dening kaluwargane.

Anisa kang nduweni kapribadhen rasa tanggung jawab marang kaluwargane, nalikane ana perkara cilik utawa gedhe Anisa bakal mlayu saka perkara kang diadhepi. Anisa ora bisa ngrasa aman yen utang-piutange Purnomo durung bisa kasaur, njalari tuwuhé pikiran dadi mbruwet. Anisa kepengin diuber-uber utang kang saben dina kang njalari ngrasa ora aman yen katekan dhayoh-dhayoh kang nagih utang. Ananging Anisa ora bisa tumindak kaya kang dipengine jalaran ana rasa kuwatir yen mbantu nyaur utange bojone, ngelingi kang nduweni utang iku bojone ora wani mutusake dhewem sadurunge wis oleh pasarujukan saka Purnomo.

#### **4.2.5 Sarwa salah**

Tumindake Anisa kang ngadhepi Purnomo sarwa salah kang nduweni patrap kaya mbiyen tansah dolanan menyang café-café lan panggonan karaoke, saka mripate Purnomo kang mandeng Anisa tansah ora bisa nyocoki atine. saben teka ing ngomah mesthi cepak nesune tanpa ngatekake marang anak lan kaluwargane sarta rasa tanggung jawabe marang kaluwarga wis ilang saka dhiri pribadine Purnomo. Anisa mung bisa meneng ora bisa ngapa-ngapa marang tumindake Purnomo kang isih ajeg kaya mbiyen sadurunge metu saka pakunjaran, Anisa ngrasa sarwa salah marang tumindake dhewe. Kacuplik kaya ing ngisor iki:

Ah, Anisa sarwa salah. Patrape Purnomo sing ajeg kaya mbiyen, kluyuran saben wayah tanpa pamit, ubyak-ubyuk karo kanca lawase lan yen omong tembung sing kasar dirungu lan dirasakake isih kaya mbiyen. Ora nggatekake anak-bojone uga isih kaya mbiyen. Apa nalika neng mbuwi kae ora diwulang wuruk tatakrama lan kapribaden jejere manungsa sing wis nduwe kaluwarga? Jejere wong sing nduweni tanggung jawab samangsa kumpul karo anak bojo, lan sanak kadange? Apa purnomo dhewe sing ora nduweni greget urip luwih migunani tumrap bebrayan? (Budiman, JB: 29, 2015:1)

Cuplikan ing ndhuwur nggambarake yen kahanane Anisa saiki sarwa salah marang tumindake dhewe mligine marang tumindake bojone Purnomo kang ajeg isih kaya mbiyen, saben dina sawise mulih saka kerjane mampir omah iku mung sdhiluk banjur metu maneh. Saben wayah wengi Purnomo metu kluyuran tanpa ana pamitan marang Anisa, kaya-kaya Anisa kuwi wis ora dianggep bojo maneh. Kluyurane iku karo kanca rakete lawas lan omongane Purnomo yen dirungu sajak ora kepenak ing kuping, tetembungane isih akeh kang kasar lan dirasa pancet kaya mbiyene sadurunge mlebu ing pakunjaran.

Anak bojo kang manggon ing omah ora nate digatekake dening Purnomo, apa pancen nalikane sajrone pakunjaran iku ora nate diwulangi kepriye tata karma kang luwih becik tumrap wong liya kanggone wong kang wis mbangun kaluwarga. Minangka wong lanang kudune nduweni tanggung jawab kang gedhe yen mbangun kaluwarga, bisa ngurusi anak lan bojo kang kudune bisa kopen lan nyukupi sandhang pangane. Saliyane iku kudu bisa apikan marang sanak kadange minangka kaluwarga, apa pancen Purnomo wis ora nduweni greget kang luwih becik ing urip bebrayan sawung karo tangga teparone.

#### **4.2.6 Rikuh**

Manungsa kang nandang problem merga kabutuhan rasa amane durung bisa kacukupan yaiku rasa rikuh sajrone dhiri pribadine, jalaran nduweni rasa mangu-mangu arep tumindak mligine methuki pawongan liyane. Rasa rikuh tansah dadi alangan kanggo nindakake samubarang, jalaran ngrasa ana ayang-ayang ang tansah melu anggone tumindak.

Rasa rikuh kang dadi problem saka kabutuhan rasa aman kang disandhang dening Anisa kang ditekani dening dhayoh kang tanpa diundhang sadurunge ujug-ujug mara ing omahe iku, sanalika uga Anisa rada kaget,

banjur Anisa katon kepengin nduweni niyatan nyegati pawongan kang nagih utang supaya ora mlebu ing omahe. Pacelaton kang nggambarake Anisa wedi karo praupane pawongan kang nagih utang, njalari ambegane Anisa rada ora bisa tumata kanthi becik. Cuplikane kaya ing ngisor iki:

“Kula nuwun...” aloke pawongan sing lagi wae mudhun saka motore.

“Mangga... mangga...” semature Anisa rada gupuh.

“Sugeng sonten, Bu,” panyapane pawongan sijine sing rada dhuwur kuwi samba mbenakake kacamataane.

“inggih, inggih, sonten Pak,” grapyak sumanak Anisa amba nata ambegane.

“E, ngersakaken kepanggih bapake?” pitakone Anisa sengaja nyegati lan ora manggakake dhayohe kuwi mlebu ngomah. (Budiman, JB: 29, 2015:1)

Saka cuplikan ing ndhuwur nggambarake yen Anisa saben katekan dhayohe kang arep nagih utang marang bojone, rasa wedine njalari tuwuh rasa gupuh sajrone atine. Rasa gupuhe kabukti dene nalika njawab pitakone dhayohe kang mudhun saka motore, kang njalari tuwuh rasa gupuhe kuwi ora liya merga Anisa wedi karo pawongan kang gedhe dhuwur lan pacakane sangar. Ambegane Anisa kang mulane biasa, sawise katekan dhayohe mau ambegane rada ora bisa tumata kanthi kepenak. Kabeh mau Sadurunge dhayoh takon marang Anisa ana ngendi papan dununge Pur, luwih dhisik Anisa nakoni dhayohe ngenani bojone kang aran Pur kang ora ana ing omah. Anisa sengaja ngomong kaya mangkono marang dhayohe, tujuwane mug siji supaya dhayohe ora mlebu ing omah lan ngusir kanthi cara alus.

Rasa rikuh pancen lumrah dinduweni dening pawongan kang manggon sajrone omah mligine wong wadon kang ditinggal bojone lunga kudu bisa njaga omahe iku supaya ora dileboni dening pawongan kang lagi wae dikenal utawa kang wis dikenal. Jalaran wong wadon nduweni kewajiban njaga omah sasuwene bojone lanang iku metu saka ngomah, saka kawiwitan bojo metu saka ngomah lan nganti bali ngomah yen bisa ngomah iku tetep ora ana owahan. Apa maneh yen ngomah iku dileboni dening pawongan liya, dikuwatirake yen ana pawongan liya mligine pawongan lanang iku bisa-bisa njalari ana kedadeyan kang ora dipenginake.

#### **4.2.7 Ati Judheg**

Kabutuhan rasa aman mujudake kebutuhan kang kudu diduweni saben manungsa. Bab iki mujudake bab kang wigati tumrap panguripane manungsa. Rasa aman bisa dipikolehi saka pawongan kang ndadekake atine bisa ayem tentrem lan nuwuhake rasa judheg sajrone atine. Rasa aman iki nuwuhake problem-problem kang wigati tumrap panguripane manungsa kaya dene kang dialami dening Anisa kang katon judheg ing atine merga mikirake bab utang-pitange bojone Purnomo.

Prekara kang disandhang dening Anisa ngenani utang-utange bojone Purnomo kang durung bisa dirampungake, njalari kabutuhan rasa aman durung bisa dicukupi lan nuwuhake problem sajrone dhiri pribadine kaya dene ati kang judheg. Anisa judheg merga mikirake



utang-utange Purnomo durung bisa disaur, utange Purnomo dhewe Anisa ora dingerteni kanthi sakabehe. Durung kober kanggo mara lan nakokake marang kanca kang ngutang Purnomo uga butuh kanca kanggo ngancani merga ora nate metu dhewekan. Cuplikane kaya ing ngisor iki:

Anisa durung bisa ngluari jiret ing atine durung kober mara. Anisa ora bisa nakyinake bener lan orane. Durung kober apa pancen durung bisa mrana awit ora ana kancane. Marang saweneh kanca sing jare ngutang totale nganti puluhan yuta, Anisa uga durung bisa nggenahake bener lan oran. (Budiman, 2015: 1)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake Anisa isih durung bisa nguculi perkara-perkara kang naleni ati wadone, jalaran akeh banget lelakon kang kudu dilakoni lan kudu dipungkasi perkarane. Anisa durung bisa yakin dene Purnomo nduweni utang kang jumlahe puluhan yuta, apa pancen durung bisa kober mara menyang kancane Purnomo kanggo mesthikake bab utange Purnomo. Awit durung ana kanca kang bisa diajak kanggo ngancani merga Anisa uga butuh kanca kanggo ngancani, merga dheweke ora nate metu menyang omah yen ora karo kancane. Sebenere Anisa durung bisa mesthikake sakabehe utang-utange Purnomo, merga kabeh mau ing atine Anisa durung bisa diuculi siji-siji.

Kabutuhan rasa aman kang durung bisa dicukupi kanthi temen bakal nuwuhake problem kang njalari paraga kang nandang perkara kang kudu dirampungake. Pikiran tansah mbruwet mikirake bab utang kang durung bisa kasaur saliyané iku bisa ndadekake rasane ati san saya judheg merga kabutuhan rasa amne durung kacukupan. Pawongan kasebut tansah mikirake perkara kang disandhang supaya perkara mau bisa cepet enggal dirampungake.

Kedadeyan kang dialami dening Anisa ngenani utang-piutange Purnomo kang akeh banget, njalari rasa amane kaganggu kanthi dheweke durung bisa ngluari jiret ing atine. Kagambar dene Anisa lagi lungguh ana ing emperan mahe kanthi mikirake kedadeyan kang ora ana enteke iki. Kacuplik kaya ing ngisor iki:

Anisa lungguh clenet neng kursi emperan. Angen-angene tumluwang adoh banget. Nglambrang tekan ngendi-ngendi. Akeh banget lelakon sing kawuri rebut dhucung muncul. (Budiman, JB: 36, 2015:8)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Anisa saiki lagi lungguh ana ing emperan omahe kanthi ngangen-ngangen lelakon kang disandhang sajrone uripe, jalaran bab utang-piutange Purnomo kang akeh banget. Angen-angene wis kaya-kaya ora bisa dideleng karo mripat jalaran saking adoh banget anggane angen-angen kedadeyan mau. Parake wis padha nglambrang ing ngendi-ngendi, merga akeh banget lelakon kang sarwa tuwuh bebarengan nganti duurng kober anggane mungkasi siji mbaka siji.

Saka kebutuhan rasa aman kang ora bisa dicukupi dening Anisa marang sakabehe utang-utange Purnomo, njalari anggane ngluari perkara siji mbaka siji durung bisa kalaksanan kanthi becik. Lelakon kang

disandhang dening Anisa durung dipungkasi mesthi ana maneh perkara kang nambah ati lan pikirane, mula anggane ngluari jiret saka perkara mau iku ndadekake dheweke ngangen-ngangen kang ana sajrone atine.

#### **4.2 Upaya Nyukupi Kabutuhan Rasa Aman Paraga Utama Sajrone Cerbung Srengenge Tengenge Anggitane Narko Budiman**

Paraga utama sajrone cerbung *Srengenge Tengenge* kanggo nyukupi kabutuhan rasa aman saka nduweni pirang-pirang cara kanggo ngupaya supaya bisa nyaur utang-utange Purnomo saka bank lan kopras. Upaya kang ditempuh salah sawijine yaiku gelem nampa pamawase liyan, nyilih dhuwit lan dadi penyanyi. Sakabehe upayane Anisa kanggo nyukupi kabutuhan rasa amane bakal diandharake ing ngisor iki:

##### **4.3.1 Gelem Nampa Pamawase Liyan**

Manungsa kudu bisa nampa pamawase pawongan liya, amarga kanthi oleh pamawase saka pawongan liya bisa nambah kawruh karo samubarang kang bakal ditindakake. Pawongan sejatine ora bisa diukur karo pamawase dhewe, merga kang ngerti becik utawa alane iku kang ngrasakake wong liya. Mula kanggo nambah ngoreksi dhiri pribadhine dibutuhake pamawase pawongan liya, amrih kanggo ngukur dhiri pribadhine wis sepira anggane tumindak nganti seprene. Sahingga kaya mangkono manungsa bisa ngupaya kanggo nyukupi kabutuhan kan durung bisa dicukupi kanthi nampa pamawase pawongan liya, supaya kanggo nambah apa kang durung dinduweni uga nambah semangat kanggo nyukupi kabutuhane.

Anisa tansah nampa marang pamawase pawongan liya, kanthi kaya mangkono dheweke bisa tumindak kang bisa mungkasi perkara nyukupi kabutuhan rasa aman saka tagihan utang. anisa sarujuk banget marang pamawase Miko kang dirasa ana benere kabeh bab utang kang ora kena ditinggal nyingkrih tanpa ana tanggung jawab saka wong kang ngutang. Cuplikane bisa dideleng kaya ing ngisor iki:

“Ora kena ditinggal ngglanggang colong playu. Isaa lunga saiki, adoh ritek, iya ora bakal bisa nutup utange malah nambah permasalahan.

“Naah,... ya kuwi sing tak arep-arep ukaramu, Mas. Salut! Aku setuju!” anisa mesem wis rada manis, tinimbang mau. “Dudutane, utang kuwi kudu disaur. Yen wis lunas lagek isa mikir liyane. Entheng sanggane.” (Budiman, JB: 36, 2015:8)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake minangka bukti upayane Anisa kanggo nyukupi kabutuhan rasa aman saka utang. Anisa kang omong-omongan karo Miko lan Miko menahi paawas marang perkara kang disandhang dheweke, pamawas kang wis dijlentrehake dening Miko banjur ditampa kanthi bungah lan seneng. Bab utang kang dikandhakake Miko iku arupa kaya apa utang tetep utang kang kudu disaur ora kena ditinggal nyingkrih sapenake dhewe, saka omongane Miko Ania ngrasa padhang lan bisa mikir aneh yen utange bojone kudu disaur.

#### 4.3.2 Nyilih Dhuwit

Upaya kanggo nyukupi kabutuhan rasa aman yaiku nyilih dhuwit. nyilih dhuwit minangka salah sawijine upaya kanggo bisa nyukupi kabutuhan rasa aman kang arupa tagihan utang. Kanggone pawongan kang nduweni utang, nalikane wis wancine nyaur utang kudune cepet-cepet disaur. Kawajiban kanggo nyaur utang ndadekake manungsa nggunakake sakabehe kabisane supaya bisa kasaur yaiku kanthi nyilih dhuwit maneh marang pawongan liya supaya bisa aman saka utang.

Tumindak kanggo nyilih dhuwit minangka upayane kanggo ngrampungake perkarane yaiku nyukupi kabutuhan rasa aman saka tagihan utang. Anisa kanggo nyaur utang sabanjure yaiku kanthi cara nyilih dhuwit marang bapak lan simboke. Dene pawongan liya ora bisa menahi utangan marang dheweke isih ana wong tuwa kang bisa dijagakake dening Anisa kanggo nyaur sakabhe utang-utange Purnomo, kanthi cara sambat marang wong tuwa supaya wong tuwa bisa nyilih dhuwit marang Anisa. Cuplikane kaya ing ngisor iki:

“Mas, aku isih nduwe wong tuwa. Yen wong liya ora bisa aweh pitulungan aku, cilike menahi eguh pratikel, gedhene nyilih dhuwit kanggo nyicil syukur bage nglunasi utange Mas Pur, kepeksa aku sambat wong tuwaku”. (Budiman, JB: 36, 2015:10)

Cuplikan ing ndhuwur nggambarake Anisa kang ngomongake wong tuwane, jalaran dheweke isih nduweni wong tuwa kang bisa aweh pitulungan marang perkara kang disandhang dening dheweke saiki. Anisa nggambarake dene yen ana pawongan liya kang ora bisa aweh pitulungan marang dheweke pungkasane madol marang wong tuwa. Unen-unen iku nggambarake Anisa nalikane isih cilik tansah nggawe salah marang wong tuwa, banjur saiki wis gedhe mara mung ana butuhe wae yaiku saperlu nyilih dhuwit. Dhuwit kanga rep disilih iku digunakake kanggo nyaur sakabehe utang-utange bojone lanang,, dheweke kapeksa sambat mergawong liya wis ora ana kang bisa aweh pambiyantu.

#### 4.3.3 Dadi Penyanyi

Anisa iku nduweni bakat sajrone dhiri pribadhine yaiku prigel anggane nyanyi, jalaran sadurunge nduwe bojo Purnomo mbiyen nate dadi penyanyi ing TVRI mula ora nggumun yen suwarane Anisa kepenak dirungu. Senajan wis suwe anggane ora nyanyi maneh amarga dipenggak bojone lanang, nanging Anisa ora lali yen kudu sregep laiyen nyanyi. Bakat kang dinduwei sajrone dhiri pribadhine manungsa kudu tansah diasah lan dilatih kanthi tumemen lan runtut, supaya mikolehi apa kang dikarepake. Malah saiki dheweke kudu tansah sregep latiyen nyanyi kanggo nglatih suwarane supaya bisa luwih trampil, amarga dheweke saiki arep dadi penyanyi berkat pambiyantune kancane. Senajan bakat mbiyen kang wis kapendhem bisa dituwuhake maneh kanthi cara latiyen nyanyi saben ana wektu longgar.

gegambarane kaya dene pethikan ing ngisor iki:

Sasuwene ngenteni “job-jaban” tanggapan, Anisa latihan nyanyi karaoke neng omah... wektu latihan sing longgar wayahe Faza sekolah. Bubar masak esuk kae terus nyetel VCD player. (Budiman, JB: 50, 2015:22)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Anisa sasuwene ngenti panggilan saka kancane kang aran Yulia, banjur Anisa latiyen sinambi karaoke ing omahe. Wektune dinggo latiyen tinimbang mikirake prekara bab utange Purnomo, amrih kathi cara ngolah suwara kang wis dinduweni supaya bisa sampurna. Kanggo nyukupi kabutuhan rasa aman kang disandhang dening Anisa, banjur ngupaya kanggo nyukupi kabutuhan rasa aman saka tagihan utange bojone Purnomo.

## PANUTUP

### 5.1 Dudutan

Andharan panliten iki nlliti cerbung *Srengenge Tengange* anggitane Narko Sodron Budiman, mula bisa didudut telung perangan. Perangan sepisan ngenani gegambaran kabutuhan rasa aman paraga utama kang diperang dadi telu yaiku 1) kabutuhan rasa aman saka utang, 2) kabutuhan rasa aman saka utang bank, 3) kabutuhan rasa aman saka utang koprasi. Saka telung perangan mau kang paling onjo sajrone cerbung yaiku *Srengenge Tengange* kabutuhan rasa aman saka utang.

Kapindho, panliten iki ngandharake ngenani problem saka kabutuhan rasa aman kang durung bisa dicukupi dening paraga utama diperang dadi pitu yaiku 1) rasa wedi, 2) rasa kuwafir, 3) rasa trauma, 4) pikiran mbruwet, 5) sarwa salah, 6) rikuh, 7) ati judheg. Problem kang onjo sajrone cerbung *Srengenge Tengange* yaiku problem rasa wedi.

Andharan kang pungkasan ngenani upayane paraga utama kanggo nyukupi kabutuhan rasa aman kang diperang dadi papat yaiku 1) gelem diwelasi, 2) nampa pamawase liyan, 3) nyilih dhuwit lan 4) dadi penyanyi. sakabehe andharan ngenani upaya kanggo nyukupi kabutuhan rasa aman kang disandhang dening paraga sajrone *Srengenge Tengange* yaiku dadi penyanyi. Saka andharan ngenani paraga utama durung bisa nggayuh aktualisasi dhiri, merga isih kudu nyukupi lan maremake dhisik kabutuhan rasa aman kang disandhang sajrone dhiri pribadhine.

### 5.2 Pamrayoga

Panliten iki diajab bisa kanggo nambah cacah panliten mligine sastra Jawa modern, senajan kang diteliti amung sethithik saka pandhangan karya fiktif. Saliyane iku panliten iki bisa kanggo nambah pangrembakane analisis psikologi minangka pangetrape kanggo nyinaoni kahanan jiwane para paraga. Tumrap pamaca bisa nambah kawruh bab psikologi humanistik mligine kang ngrembug motif paraga nganggo teorine Abraham Maslow.

Panliti kanthi sadhar dene panliten iki akeh cacade lan isih durung diarani sampurna, mula diajab supaya panliti sabanjure kaajab bisa migunani kanggo panliten sabanjure ngenani psikologi mligine ing motif kanthi luwih becik.



## KAPUSTAKAN

- Alwisol. 2011. *Psikologi Kepribadian*. Malang: UMM Press.
- A.M, Sardiman. 2007. *Interaksi & Motivasi Belajar Mengajar*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Arikunto, Suharsimi. 2002. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Cipta.
- Budiman, Narko Sodron. 2015. *Srengenge Tengenge*. Surabaya: Jayabaya
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Metode Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS.
- Fanie, Zainuddin. 2001. *Telaah Sastra*, Surakarta: Muhammadiyah University Press, Surakarta.
- Feist, Jess & Feist, Gregory J. 2011. *Teori Kepribadian*, Edisi 7. Jakarta: Salemba Humanika.
- Fudyaratna. 2012. *Psikologi Kepribadian*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Khotimah, Khusnul. 2012. *Motif Psikologis Paraga Utama Priya Sajroning Cerbung Rajapati Ing Pereng Wilis*. Surabaya: UNESA.
- Koeswara. 1991. *Teori-teori Kepribadian*. Bandung: PT Eresco.
- Mariani, Dwi. 2009. *Bentuk Perilaku Tokoh Wardah dalam Novel Derap-Derap Tasbih Karya Hadi S. Khul*. Surabaya: UNESA.
- Miderop, Albertine. 2010. *Psikologi sastra: Karya Sastra, Metode, Teori, dan Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Moleong, Lexy. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bndung: PT. remaja Rosdakarya.
- Nurgyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Penelitian Sasta*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- \_\_\_\_\_. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sobur, Alex. 2003. *Psikologi Umum*. Bandung: Pustaka Jaya.
- Sugiyono, 2013. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sukardi, 2003. *Metodologi Penelitian Pendidikan Kopetensi dan Praktiknya*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Ulinnuha, Ahmad Dwi. 2010. *Penokohan Jarot sajrone Novel Hibbu karya Mashuri (Kajian Humanistik Mslow)*. Surabaya: UNESA.
- Wilek, Rene dan Austin Warren. 1990. *Teori Kasusastran (dijarwakake Melani Budianta)*. Jakarta: Gramedia.
- \_\_\_\_\_. 1990. *Teori Kasusastran (dijarwakake Melani Budianta)*. Jakarta: Gramedia.
- Wityami. 2011. *Pengantar Psikologi Sastra*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Zaidan, Abdul Rozak. Dkk. 2007. *KAMUS Istilah Sastra*. Jakarta: Balai Pustaka.